**РЕЗЮМЕ.** В условиях стремительного развития цифровых образовательных технологий особую актуальность приобретает проблема объективной и обоснованной оценки самостоятельной работы студентов. Целью настоящего статьи является разработка и научное обоснование методики оценки самостоятельной работы студентов в цифровой образовательной среде с применением методов нечеткого математического моделирования.

**SUMMARY.** In the context of the rapid development of digital educational technologies, the problem of objective and justified assessment of students' independent work is becoming particularly relevant. The purpose of this dissertation research is to develop and scientifically substantiate a methodology for assessing students' independent work in a digital educational environment using fuzzy mathematical modeling methods.

## СЕЙФУЛҒАБИТ МАЖИТОВТЫҢ ЖӘДИДШИЛИК-АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ХЫЗМЕТЛЕРИ

**Қ.Сейтмуратов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** жадидчилик, жадид мактаблари, таълим-тарбия, мустақиллик, шеърият, алифбо, драматургия, дарслик.

**Ключевые слова:** джадидизм, джадидские школы, образование, независимость, поэзия, алфавит, драматургия, учебник.

**Key words:** jadidism, Jadid schools, education, independence, poetry, alphabet, drama, textbook.

Қарақалпақ халқының көрнекли ағартыўшы шайыры, мағрыйпатта салмақлы орны бар педагогы Сейфулғабит Мажитов 1869-жылы Қазан губерниясының Куйик аўылында туўылған. Әкеси Абдулмажит Абдулрахиб улы хожалық жағдайы менен 1881-жылы Қарақалпақстанға көшип келген. Бул ўақытта Сейфулғабит баслаўыш билимге ийе, оғада зейинли, рус тилин жақсы билетуғын 12 жасар бала болған. Ол Таллық бойындағы Қулен болыстың хаткери болып жумыс ислейди. Кейиншелик Қулен болыстың орнына болған (1889) Қоразбектиң бәшири (жәрдемшиси, хаткери) хызметинде болады.

Сейфулғабит сол жылларда ел ағаларының жәрдемшиси болып, ислеп жүрип қарақалпақ халқының турмысы, олардағы қыйыншылықлар менен жақыннан танысады. Оның усы жыллары Орта Азиядағы ең атақлы шайырлардың бири болған Бердақ шайыр менен ушырасыўы ҳәм оның менен гүрриңлесиўи онда қосық жазыўға болған ықласты, қызығыўшылықты оятады. С.Мажитовтың шаңарағы 1912-жылы Таллықтан Қоңырат қаласына көшип келеди. Бул шараят жас Сейфулғабитке сол дәўирдеги кәрўанлар арқалы Россия ҳәм Татарстаннан газета, журнал ҳ.т.б. хат-хабарлар алдырып, ол жерлердеги ўақыялардан хабардар болып турыў мүмкиншилигин береди. Нәтийжеде ол татар тилинде басып шығарылатуғын, жәдидшилик идеяларды үгит-нәсиятлаўшы «Ўақыт қуяшы», И.Гаспирали шөлкемлестирген «Таржумон» ҳ.т.б. Россияда басып шығарылатуғын газета-журнал, китапларды алып турған [1:426].

Оның рус тилин жақсы билиўи, Россияның социаллық аҳўалы ҳәмде Татарстан, Орайлық Азиядағы жәдидшилик ағымы менен баспа сөз арқалы үзликсиз танысып барыўы, оның демократиялық пикирлери, сиясий-жәмийетлик түсиниклериниң кеңейиўине, заманындағы раўажландырыўшы идеяларды өзлестириўине жәрдем берди.

Сейфулғабит Мажитов И.Гаспиралиның жәдидшилик тәлийматының раўажланыў процесин бәрқулла бақлап барады. Ол И.Гаспиралиның «Таржумон» газетасының 1906-жыл №9 санында басылып шыққан «Даниел бай» атлы мақаласында машқала тәризинде көтерилген болыслық мектеплерин шөлкемлестириў мәселесинен хабардар болған С.Мажитов сол дәўирде ҳәр бир болыслықта жәдид мектебиниң болыўы дәстүрге айланғанлығын есапқа алып, билимлендириў тараўындағы бул принципти қоллап-қуўатлады. Сол себепли өз дәўириниң абырайлы басшыларының бири болған Инаят болысқа 1907-жылы төмендегидей мазмундағы қосық қатарлары менен жазылған сәлем хат жоллайды:

Шымбайдың жери кең, суўы пәраўан,  
Лекин, билимнен жоқ ҳеш намуў-нышан,  
Жигирма мың үй, жүз жигирма мың жан,  
Бир мектеп жоқ оқып билим алмаға….

Ең аңсат жол-бүгин усылы жәдит,  
Қабыл етсең, жайдық алдыңа кәрит,  
Ақыл айтпақ Сизге кәмийне Мәжийт,  
Қиял етер тек ядыңа салмаға [2:30]

- деп, шайыр Инаят болысты Шымбайдан жәдид усылындағы мектеп ашыўға шақырып, буның ең туўры жол екенлигине итибар қаратады.

С.Мажитовтың тәлим-тәрбиялық көзқарасларының пайда болыўы ҳәм раўажланыўында қарақалпақ халқының белгили ағартыўшы-ойшыллары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтешлердиң де тәсири үлкен болды. Әсиресе, Өзбекстандағы жәдидшилик ҳәрекетиниң актив қатнасыўшыларынан XIX әсирдиң ақыры XX әсир басларындағы өзбек әдебиятының үлкен ўәкиллериниң бири Мухаммедшерип Эгамберди улы Суфызада менен (1869-1937) дослық қарым-қатнаста болыўы оның дүньяқарасында үлкен әҳмийетке ийе болды.

С.Мажитовтың өмири көплеген тарийхый ўақыялар менен терең байланыслы болды. Ол 1905-жылғы дәслепки рус революциясы, 1916-жылғы Орта Азия халықларының Россия басып алыўшыларына қарсы азатлық гүреси ҳәм 1917-жылғы Октябрь революциясы жағдайларын бақлап, терең үйренди. Усылардың нәтийжесинде оның жәмийетлик-сиясий көзқараслары раўажланып барды. Нәтийжеде ол Қарақалпақстанда социаллық аўдарыспақтың әмелге асыўын қоллап-қуўатлап, жаңа ҳүкиметти халық ушын бахыт келтиреди деген исеним менен күтип алады.

С.Мажитов 1920-жылы большевиклер партиясына агза болады ҳәм Қоңыратта дүзилген революциялық кеңестиң хаткери етип сайланады. Ағартыўшылық, тәлим-тәрбия ислери бойынша терең билим, үлкен тәжирийбеге ийе болған С.Мажитов 1921-жылдан баслап Қоңырат округлик билимлендириў бөлиминиң баслығы лаўазымына тайынланады.

Ағартыўшының Қоңыраттағы хызметлери ҳаққында Хорезм ҳүкимети тәрепинен жолланған айрықша комиссия 1921-жылы 5-октябрде былай деп жазады: «Биз соның менен бирге халық билимлендириў бөлими жумыслары менен танысып шықтық. С.Мажитов ҳақыйқый қәниге екен. Биз келместен алдын ол 30 оқытыўшы таярлап үлгерипти. Буннан басқа Қоңыратта 250 оқыўшы, 150 ул бала, 100 қыз бала оқыйтуғын 5 мектеп ашыўды жобаластырыпты. Буның ушын зәрүр болған парта, қағаз, китапларды алдыннан таярлап қойған» [3:42]. Ол шөлкемлестирген мектеплердиң тунғыш оқытыўшылары Хийўа қаласындағы оқытыўшылар курсын тамамлап келген Қ.Ерманов, Р.Мажитов, У.Нуржановлар еди.

С.Мажитов кейиншелик Хожели округлық халық билимлендириў бөлимине инспектор лаўазымына өткериледи. 1924-жылы 18-декабрьде Хожели округи бойынша билимлендириў исиндеги хызметлери ушын Хорезм халык республикасының «Мийнет қызыл байрақ» ордени менен сыйлықланады.

1924-жылдың ақырында Орта Азия аймағында миллий шегаралаў ислери әмелге асырыла баслайды. 1924-жыл 27-октябрде РКП (б) орайлық комитети ҳәм Пүткил Россия орайлық Атқарыў комитетлериниң қарары менен Қазақстан АССР ының қурамында Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилди. Қарақалпақстан халқы өзиниң миллий мәмлекетшилигин қайта тиклеп, қарақалпақ тили автономиялы область аймағында мәмлекетлик тил деп тастыйықланды. Ана тилинде сабақлықлар жазыў, газета-журналлар, китаплар басып шығарыў жолға қойыла басланды.

РКП (б) Қарақалпақстан ўәлаят комитети шөлкемлестириў бюросы 1924-жыл 18-декабрдеги мәжилисинде баспа ислери ҳаққындағы мәселени додалап, мектеп сабақлықларын басып шығарыў бойынша қарар қабыл етти. 1925-жыл 24-февральда Қазақстан республикасының халық комиссарлары Кеңеси Қарақалпақстан мийнеткешлериниң бул өтинишин орынлады ҳәм Қазақстан халық билимлендириў комиссариатына Ташкент қаласындағы қырғыз (қазақ) халық ағартыўшылығы институтынан усы баспа ислерин шөлкемлестириўши мәдений-ағартыўшылық орай сыпатында пайдаланыў зәрүр, деп көрсетпе берди. Бул орайда авторлар жәмәәтин таңлап алыўшы комиссия қурамында қарақалпақ фольклорын иззертлеўши белгили башқурт илимпазы А.А.Диваев, жас илимий хызметкер, кейиншелик белгили қазақ академиги болған Мухтар Әўезов ҳәм басқалар бар еди.

С.Мажитов Қарақалпақ мектеплери ушын сабақлықлар жазыў бойынша өткерилеген автор таңлаў конкурсына өзиниң терең билимлилиги, жәмийетлик-сиясий түсиниги, шайыршылық қәбилети, илимий педагогикалық көзқараслары жағынан артықмашлықларын көрсетип, қарақалпақ тилиндеги туңғыш сабақлықлардың авторы болиў ҳуқықын жеңип алады. Солай етип, С.Мажитов 1925-жылы 3-мартта мәмлекетлик баспада ислеў ушын Ташкент қаласына жөнетиледи. Қарақалпақ халқы бул сабақлықларды интизарлық пенен күтти. Буны сол дәўирдеги ҳүкимет басшылары болған Қ.Әўезов, А.Құдабаевлардың Ташкент қаласына, басқада тийисли жерлерге жиберген олардың телеграммаларынан да көриўге болады [4:44-45]. Белгили мәмлекетлик искер Қ.Әўезовтың тапсырмасы менен араб алфавитин реформаластырып, қарақалпақ «Әлипбе»син, «Оқыў китабы», үлкенлер ушын «Егеделер саўаты» сияқлы сабақлықларды дүзеди ҳәм буларды 1925-жылы Ташкенттеги Қазақстан мәмлекетлик баспасының күншығыс бөлиминде бастырып шығарады. Бул сабақлықлар қарақалпақ халқының халық сыпатындағы, өз ана тилиндеги биринши сабақлықлары еди.

С.Мажитов «Еркин қарақалпақ» газетасының жуўаплы секретары болып ислеген дәўиринде де (1925-1929) ағартыўшылық жумысларына кеўил бөлди.

Сондай-ақ С.Мажитов «Қарақалпақ әлипбе»си (Төрткүл – 1929), «Қарақалпақша тил сабақлығы» (Төрткүл – 1930), «Қарақалпақ областындағы гөрсаўатлар мектебине программа» (Москва – 1931), «Қарақалпақ тилиниң едуди (грамматикасы) (Москва – 1932) усаған сабақлық китапларды авторлардың бири сыпатында жазыўға қатнасты.

30-жыллардың екинши ярымына келип Оның өмиринде ҳәр қыйлы қыйын жағдайлар жүз берди. Ол 1932-1934-жыллары ҳәзирги Әмиўдәрья районында суў хожалығы мәкемесинде иследи. Ал 1934-1937-жылларда Төркүлдеги Үлке таныў музей-инде экскурсовод хызметин аткарады. Репрессияның басланыўы менен оған бийгүна «халык душпаны» деген айып тағылып, 1937-жылы түрмеге қамалады ҳәм ол аўыр бийгүна азапқа шыдамай, қартайған ўағында зүлметке шыдамай 1938-жылы түрмеде жатқан жеринде қайтыс болады.

С.Мажитовтың дуньяға көзқарасы қарақалпақ халқының мәдений экономикалық турмысы менен биргеликте раўажланып қәлиплести. С.Мажитов халықты кеңликке, әдилликке еристириўдиң жолы ағартыў, билимлендириў деп ойлаған шайыр еди. Ол революциядан бурын болыслық жәдид мектеплерин ашыўды, елдиң басшысы жаслардың әдеп-икрамына да басшылық етиўи кереклигин, орыс илиминен өрнек алыўды, жасларды өнерге үйретиўди баянлады. С.Мажитов революция қабатында материалистлик түсиниклер менен пикир жүргизди. Илимсиз жәмийетлик раўажланыў, дуньяны тусиниў болмайтуғынын, илимли болыў ушын жаслардың зейинин, дыккатын тәрбиялаў лазымлығын айтты.

С.Мажитовтиң жасларға өнер ҳәм политехникалық билим бериў айрықша жетискенликлерге мол еди. Ол әлипбениң оқытыў усылларын жазған, қарақалпақ тилиниң фонетикалық, лексикалық, морфологиялық ҳәм синтаксислик өзгешеликлерин дәслепки изертлеўши лингвист алым есапланады. «Әлипбе»

сабақлығына жазған алғы сөзинде билим бериўдиң дидактикалық принциплери айрықша мазмунлы баянланған.

Мысалы, ол «Әлипбе» китабының кирисиў бөлиминде: «Ҳәр бир оқыған сөзин оқыўшы баланың түсине билиўи зәрүр. Буны ҳәр сөздиң исминиң ресми (сүўрети) менен көрсетип, түсиндирип барылса әбден жақсы болады. Оқыған китабында ресим бар болса да буған қәнәәт қылмай, мектептиң (класстың) ишинде түрли ресимлер қойып, балаға көрсетилип турылмаса баланың түсиниўи пысық болмайды» [4:14] деп көрсетеди. Усы арқалы С.Мажитов көрсетпелилик принципин және де жетилистирип, оны бир қанша раўажландырған.

Сондай ақ усы методикалық көрсетпеде оқытыўшыларға да педагогикалық шеберликтен мәсләҳәтлер берип, «Балаларға муғаллимлердиң тәпси урады. Оқыўшы муғаллимлердиң әдеплерин, отырыс, турыс, ҳәм мәмилелеринен өрнек алып, сондай болмаға талапланады. Муғаллимлер балалардың алдында жүдә сақ болыўы керек. Әдеттен тысқары сөз, келиспеген мәмлени қылмаўлары керек. Әсиресе балалардың алдында сақ болыўлары тийис» [4:16], - деп устазлық этика, муғаллимлер менен шәкиртлериниң өз-ара мүнәсиберине айрықша тоқтап, муғаллим тек хат-саўат үйретиў менен шекленбей, жасларды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўшы баслы тулға деп түсиндиреди.

С.Мажитов-ағартыўшы шайыр, елди билимли, илимли етиў ойлары, халық билимлендириў тараўындағы еткен хызметлери ҳәзирги күнде де өз қунын әҳмийетин жоғалтқаны жоқ. Жасларды өнер ийелеўге, билимли болыўға ийтермелеўши көплеген тәлим-тәрбиялық пикирлери бар. Мәселен:

Ҳәр бир истиң жөнин билиў,
Өнер-билим оқыўдандур,
Алыс-жуўықты байқап көриў,
Аңлы болмақ оқыўдандур [5:139].

Яки болмаса:

Исте илим керек, илимде ҳөнер,
Илимсиз ис өнбес, ол демде сөнер [8:91].

Содай ақ:

Оқыў дабыл, оқыў жатпас,
Желге ушпас, суўға батпас [5:143],

- деп жасларға оқыўдың, илим-билим ийелеўдиң, өнерли болыўдың әҳмийетин шеберлик пенен түсиндиреди. «Ықласлы жас билим алар, Темирден алтынға айланар» - деп, билим алыўшының бәркулла қәдири бәлент екенлигин мысал етеди.

Сейфулғабит Мажитов сол дәўирдеги Россия, Түркия ҳәм тағы басқа мәмлекетлердеги социаллық талапларды әмелге асырыўды мақсет еткен ис-таслаўлар, стачкалардан, сондай ақ шет еллерде басып шығарылған «Искра», «Буревестник», «Таржумон» ҳәм тағы басқа газета-журналларды оқыў арқалы дүньядағы мәдений ҳәм сиясий өзгерислерден хабардар болған билимли, зиялы инсан сыпатында қәлиплести. Ол биринширлерден болып, жәдидшилик ҳәрекети, олардың алға қойған мақсети, жаңа усылдағы жәдид мектеплери, бул мектеплердиң абзаллықлары ҳаққында кеңнен түсиникке ийе болды ҳәм бул идеяларды жергиликли зиялылар, кең халық массасы арасына таратыўшылардан бири болды.

Ол өзиниң «Қарақалпақ» атлы қосығында халқымызға қарата надан болма, наданлықтың тийкары саўатсызлық, деп, ўақытты кешиктирместен дос ким, душпан ким, оның парқын абайлаўды мәсләҳәт етеди:

Наданлық кетпей постыңнан,
Қорлық көрерсең достыңнан,
Өткизбе исти үстиңнен,
Бул сөзге инан қарақалпақ [6:56].

Сондай-ақ жасларға арнап жазылған «Жасларға» атлы қосығында тийкарғы әрман еткен ғәрезсизликтиң еле алынбағанлығын, еле ҳақыйқый азатлыққа ерисилмегенлигин айтып:

Ықтияр бар қолыңызда,
Пурсат турсын ядыңызда,
Көрсетейик алдыңызда,
Сөздиң мынаў ҳағы жаслар.

Сол бир жағы нықланған соң,
Ис жайласып байланған соң,
Мында бираз тоқталған соң,
Сөйлесермиз тағы жаслар [6:32-33],

- деп жазады.

Жәдидшилик ҳәрекетиниң айырым ағзалары тәрепинен өз заманында Кеңес ҳүкимети қоллап-қуўатланған болсада, кейиншелик олардың шын мәнидеги ғәрезсизликке ерисиў ушын еле бир неше қаўын писиктиң бар екенлигине көзи жетип, бир қанша наразылық кейпиятлары сезиле баслайды. Мәселен Қ.Айымбетовтың «Халық даналығы» китабынан орын алған С.Мажитовтың төмендеги қосық қатарларын келтирип өтиў мүмкин:

Коммунизмге баслаған
Адастырмас излер қәне?
Ҳақ сен деп мушқа түкирген.
Лапылдатқан сөзлер қәне?

Қаршығадай қыя баққан,
Билим көлин жүзип шыққан…
Қумар ала көзлер қәне?
Ҳаў, жигитлер, сизлер қәне? [7:874].

Усындай терең мәниге ийе болған, жәдидшилик ҳәрекетиниң мақсет-үмитлерин өзинде сәўлелендирген пикирлери, шығармалары ушын халқымыздың сүйикли перзенти, талантлы шайыр ҳәм жазыўшы, драматург, тәлим-тәрбия тараўын реформалаўға көп үлесин қосқан зәбердес педагог Сейфулғабит Мажитов ҳүкимет тәрепинен қуўдалаўға ушырады ҳәм өз өмирин қурбан етти. Оның Қарақалпақстанда ағартыўшылықты, тәлим-тәрбияны, мәдениятты раўажландырыўға қосқан үлеслери оғада уллы.

**Әдебиятлар**

1. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Нөкис: «Билим», 1993.
2. Мажитов С. Шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
3. Алеўов Ў., Сейтмуратов Қ. Қорақалпоғистонда жадидчилик ҳаракати ва С. Мажидов. – Тошкент: «Фан», 2010.
4. Сейтмуратов Қ. С.Мажидовнинг маърифий-педагогик қарашлари узлуксиз таълим тизимида. – Тошкент: «Фан», 2006.
5. Мажийтов С. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1965.
6. Мажитов С. Шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
7. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада атоқли шоир ва маърифатпарвар Сейфулғабид Мажидовнинг маърифий-жадидчилик фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о просветительско-джадидской деятельности и педагогических взглядах Сейфулгабида Маджидова, известного поэта-просветителя.

**SUMMARY.** The article talks about the educational – jadid activities and pedagogical views of Seyfulgabid Majidov, a famous poet-educator.


## MEDIA KONTENT ASOSIDA TALABALAR TARIXIY TAFAKKURINI RIVOJLANTIRIShNING SAMARALI METODLARI


**B.Tolepov –** *mustaqil izlanuvchi*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** kontent, media kontent, talabalar, tafakkur, tarixiy tafakkur, rivojlantirish, tarixiy tafakkurni rivojlantirish, metod, talabalarning tarixiy tafakkurini rivojlantiruvchi metodlar.

**Ключевые слова:** контент, медиаконтент, учащиеся, мышление, историческое мышление, развитие, развитие исторического мышления, метод, методы, развивающие историческое мышление учащихся.

**Key words:** content, media content, students, thinking, historical thinking, development, development of historical thinking, method, methods for developing students' historical thinking.


**Kirish.** Shaxs tomonidan ilmiy bilimlarning puxta o‘zlashtirilishida o‘qitish (yoki ta’lim olish)ning shakl, vosita hamda texnologiyalari bilan birga ta’lim metodlari va usullaridan maqsadli foydalanish ham muhim ahamiyat kasb etadi. Shu bois zamonaviy ta’limda talabalarda tahliliy, tanqidiy va mantiqiy fikrlash kompetentsiyalarini rivojlantirish muammosining tobora dolzarblashayotgani bejiz emas. Talabalar tomonidan tahliliy, tanqidiy va mantiqiy fikrlash kompetentsiyalarining samarali o‘zlashtirilishi uchun ijtimoiy, gumanitar fanlarni o‘qitishda yetakchi o‘rin egallagan turkum metodlardan o‘rinli, maqsadli foydalanish kutilgan natijani qo‘lga kiritishga imkon beradi.

**Asosiy qism.** Tadqiqotni olib borish davrida tanlangan ilmiy muammo mohiyatini nazariy tahlil qilish, talabalar faoliyatini amaliy ishlar fonida kuzatish orqali media kontent asosida talabalar tarixiy tafakkurini rivojlantirishda quyidagi metodlarning samarali ekanini tasdiqladi (1-rasm):




*1-rasm. Media kontent asosida talabalar tarixiy tafakkurini rivojlantirishning samarali metodlari*

**1. Kontent-tahlil (content analysis) metodi.** Mazkur metod “ikkilamchi dalillarni o‘rganish orqali o‘tmish voqeliklariga oid ma’lumotlarga ega bo‘lish, qandaydir tarixiy hodisaning ijtimoiy ahamiyatlilik darajasini belgilash” [9]; “ijtimoiy-tarixiy mavjudlikka (voqea, hodisa, jarayonga) oid to‘liq, ishonchli, to‘g‘ri ma’lumotlarni olish maqsadida material mazmunini sifat va miqdor jihatidan o‘rganish” [4] uchun xizmat qiladi. “Kontent-tahlil tegishli hujjat mazmunini g‘oyaviy va ramziy jihatdan miqdoriy bayonini ishlab chiqishga yo‘naltiriladi. Bu turdagi tahlil jamiyatda OAV yordamida yaratilayotgan hissiy kartinasini namoyon qiladi” [12:15]. Metodni qo‘llashda shunday shart qo‘llaniladi: “tarixiy dalillar real (qayd etilgan, isbotlangan yoki e’lon qilingan) hujjatlarda o‘z aksini topgan bo‘lishi zarur” [13].

So‘z yuritilayotgan metod “olingan axborotning manbasi sifatida monografiya, ilmiy maqolalar, rasmiy hujjatlar, mavjud tadqiqotlarning statistik dalillar hisoblanadi” [8:14]. Shu bilan kontent-tahlil yordamida turli, misol uchun, kitoblar, gazetalar, jurnallar, anjumandagi chiqishlar, OAV, jumladan, internet va ijtimoiy tarmoqlarda e’lon qilinayotgan materiallar bo‘yicha izlanishlar olib boriladi” [12].

**II. Tavsiflovchi metod.** Bu metod tarixiy “jarayon va hodisalarning tashqi xususiyatlari, belgilari va tavsifini yoritish” [4]ga, “o‘tmishda sodir bo‘lgan voqeliklarga oid ma’lumotlarni bir nuqtaga joylashtiruvchi va tavsiflovchi ma’lumotlarni tahlil qilish, tarixiy dalillar to‘g‘risidagi tasavvurga ega bo‘lish va hal qiluvchi an’ana, qonuniyat va muhim jihatlarini tushunish, shuningdek, murakkab dalillarni umumlashtirish va mustahkamlash orqali uning oson tushunilishi va talqin qilinishini ta’minlovchi qisqacha bayonni shakllantirish” [10]ga xizmat qiladi.

Shuningdek, tarixiy ma’lumotlarni tavsiflovchi metod yordamida ularni amaliyotda qo‘llash, foydalanish bo‘yicha asoslangan qarorni qabul qilish, oqilona xulosa chiqarish kabi harakatlarni sodir etish natijasida kelgusi faoliyat strategiyasini ishlab chiqish, keyingi bosqichlarda tahlilni